

**PANGARIBAWANE LEGENDHA PASAREAN SYEKH BASARUDIN TUMRAP TRADHISI NYADRAN ING  
DHUSUN SRIGADING DESA BOLOREJO KECAMATAN KAUMAN KABUPATEN TULUNGAGUNG  
(Tintingan Folklor)**

**ADITYAWAN DWI MAHARDIKA**

S-1 Jurusan Pendhidhikan Basa lan Sastra Dhaerah (Jawa), Fakultas Basa lan Seni, Universitas Negeri Surabaya  
[adityawanmahardika@mhs.unesa.ac.id](mailto:adityawanmahardika@mhs.unesa.ac.id)

**Drs. Sukarman, M.Si.**

Dhosen Jurusan Pendhidhikan Basa lan Sastra Dhaerah (Jawa), Fakultas Basa lan Seni, Universitas Negeri Surabaya

**ABSTRAK**

Folklor minangka saperangan kabudayan kolektif kang sumebar lan diwarisake turun temurun kanthi tradhisional. Folklor diwarisake kanthi versi/ ragam kang beda-beda, bisa awujud lisan utawa tulisan. Salah sawijine folklor lisan yaiku Pangaribawane Legendha Pasarean Syekh Basarudin Tumrap Tradhisi Nyadran ing Dhusun Srigading Desa Bolorejo Kecamatan Kauman kabupaten Tulungagung. Legendha kasebut bakal dirembuk kanthi tintingan folklor. Legendha kasebut diprecaya para warga minangka papan kang kramat. Syekh Basarudin mujudake pawongan kang nyebarake Islam kapisan ing Dhusun Srigading.

Kanggo ngonceli punjere panliten digunakake analisis lan konsep kang cundhuk karo masalah kang arep dionceli. Konsep utawa analisis kasebut antarane, kanggo nganalisis ngenani wujud legendha, yaiku nggunakake konsep folklor kang diandharake dening Danandjaja. Kanggo nganalisis bab maknane migunakake analisis Sudikan. Kanggo nganalisis bab nilai-nilaine migunakake analisis Latini. Kanggo nganalisis fungsine nggunakake konsepe Allan Dundes.

Underane panliten iki yaiku kepriye wujud PLPSBTTN, kepriye makna simbol kang kinandhut sajrone PLPSBTTN, nilai-nilai budaya apa wae kang kinandhut sajrone PLPSBTTN, kepriye fungsi sosiale PLPSBTTN, kepriye kalungguhane PLPSBTTN tumrap masyarakat. Jumbuh karo underane panliten kasebut bisa diandharake tujuwan panliten, yaiku ngandharake kepriye wujud PLPSBTTN, njlentrehake ngenani makna simbol kang kinandhut sajrone PLPSBTTN, njlentrehake nilai-nilai apa wae kang kinandhut sajrone PLPSBTTN, nemokake lan njlentrehake ngenani fungsi sosial PLPSBTTN tumrap masyarakat, ngandharake kalungguhane PLPSBTTN tumrap masyarakat. Paedah panliten iki kanggo nambahi kawruh ngenani PLPSBTTN ing Dhusun Srigading Desa Bolorejo Kecamatan Kauman Kabupaten Tulungagung.

Asile panliten yaiku critane bisa dadi patuladhane kanggo para pamudha panyengkuyunge. Makna simbol kang kinandhut sajrone legendha yaiku awujud watu maesan, kali kang ana iwake, kembang wangi, lan tumpengan. Nilai budaya kang kinandhut sajrone legendha awujud nilai didaktis, nilai etik, lan religi. Fungsi utawa piguna legendha kasebut yaikukanggo mbiyantu sarana panggulawentah marang wong enom, sarana kritik sosial, sarana panglipur, sarana ngupadi katentreman batin, sarana dedonga lan ngibadah, uga sarana kanggo nguri-uri kabudayan. Kalungguhan legendha tumrap masyarakat yaiku kang awujud masyarakat kang precaya, masyarakat kang ora precaya, lan masyarakat kang ora nggatekake.

Tembung wigati : legendha pasarean, nilai-nilai budaya, folklor.

**PURWAKA**

Bab purwaka ngandharake alasan panliti njupuk irah-irahan lan kepriye Legendha Pesarean Syekh Basarudin. Saliyane kuwi uga ngrembug babagan lelandhesaning panaliten, tujuwan panaliten, paedah panaliten lan wewatesane istilah.

**LANDHESANE PANLITEN**

Bangsa Indonesia minangka salah sawijine bangsa kang nduweni kebudayaan kang maneka warna jinise. Saben dhaerah uga nduweni ciri khas kabudayan dhewe-dhewe. Ciri khas bisa dideleng saka karakteristike, sahingga bisa mbedakake kabudayaan saben dhaerah. Kabudayan ngandhut aturan utawa nilai-nilai kabudayan kang apik sahingga bisa dadi conto kanggo urip bebrayan. Kebudayaan bisa dadi alat utawa piranti kanggo njangkepi

kabutuhan manungsa kanthi cara ngetrepake dhiri pribadhi marang kabutuhan filologis manungsa.

Kabudayan asale saka tembung *buddhayah* saka basa Sansekerta yaiku wujud jamak saka tembung *buddhi* kang nduweni teges budi utawa akal. Dadi kabudayan yaiku bab-bab kang ana gegayutane budi lan akal. Saka katerangan iku bisa didudut yen kabudayan iku minangka olah jiwane manungsa kang urip asiling alam pikir lan tingkah lakune manungsa supaya bisa luwih pinter ing bebrayan (Koentjaraningrat, 1987:15).

Kabudayan yaiku salah sawijine ciri pribadhi manungsa lan ing sajrone ngandhut norma-norma, nilai-nilai kang perlu diduweni lan dimangerteni dening manungsa utawa masyarakat. Sajrone masyarakat Jawa ana budaya Jawa lan budaya lokal. Budaya Jawa yaiku budaya kang lair lan kang ngrembaka ing Jawa. Dene, budaya lokal yaiku budaya kang ana, urip utawa ngrembaka, diduweni lan diakoni dening kumpulan masyarakat tartamtu ing sawijine panggon utawa dhaerah. Masyarakat Jawa nduweni tradisi kang beda-beda, mula saka kuwi tradisi Jawa ana maneka warna. Saliyane tradhisi-tradhisi iku sajrone masyarakat uga ana petilasan-petilasan. Petilasan kang ana ing masyarakat Jawa biasane ana gegayutane karo kedadeyan-kedadeyan kang penting lan kagambar sajrone sastra lisan, kang nganti saiki ana ing dhaerah-dhaerah (Widayati, 1992:9).

Sastra lisan saliyané nduweni tetenger kalisanan uga nduweni tetenger katradisian. Folklor minangka crita rakyat lan peranan saka sastra lisan. Adhedasar wujud karya sastra lisan yaiku awujud drama, geguritan lan bentuk crita. Jinise saka sastra lisan yaiku jinis legendha, mitos, lan crita kaya fabel, legendha lan dongeng (Widayati, 1992:5).

Jinise folklor diperang dadi telu yaiku: 1) folklor lesan yaiku awujud nyata lesan, kaya dene basa rakyat, nyanyian rakyat, uga pitutur tradisional; 2) folklor saperangan lesan yaiku kang wujud campuran lesan karo dudu lesan, kaya dene kepercayaan bebrayan, drama, upacara lan liya-liyane; 3) folklor dudu lesan yaiku kang nduweni wujud, kayata obat-obatan tradisional, klambi, panganan, lan liya-liyane.

Folklor lesan kang arupa basa rakyat, kayata: 1) logat (*dialect*); 2) slang (*basa sandhi*); 3) *sikomlukasi* yaiku ungkapan ora langsung; 4) wadanan marang wong liya; 5) gelar kebangsaan utawa jabatan tradhisional; 6) basa tingkat, yaiku basa kang dianggo mbedakake derajate manungsa ing lingkungan masyarakat; 7) *onomatopoetis* (*onomatopoeic*) yaiku tetembungan kanggo menehi tuladha swara alamiah; lan 8) *onomatis* (*onomastics*) yaiku kanggo menehi jeneg papan panggonan kang nduweni crita legendha kang dadi sejarane (Danandjaja, 1984:22-27).

Folklor lesan iku bisa awujud legendha. Legendha yaiku crita kang asale bebrayan, banjur dianggep prastawa kang nduweni sejarah (Hutomo, 1992:22). Kang kalebu folklor lesan ing Kabupaten Tulungagung salah sawijine yaiku Pangaribawane Legendha Pasarean Syekh Basarudin Tumrap Tradhisi utawa bisa disingkat dadi PLPSBTTN. Crita ngenani PLPSBTTN ora bisa uwal saka anane masjid lan pasareane Syekh Basarudin kang ana ing walike imam masjid kang ana ing Dhusun Srigading. Masjid iki saiki dadi salah sawijine wisata religius kang ana ing Dhusun Srigading Kabupaten Tulungagung. Masjid iku saben dina Jum'at lan ing dina-dina tartamtu dadi panggane pengajian-pengajian rombongan warga kang asale ing Desa Bolorejo lan uga ana akeh warga kang teka dudu asli warga sekitar kana. Nanging, akeh warga saka dhaerah-dhaerah liyane.

Panliten milih legendha pasarean Syekh Basarudin ing Dhusun Srigading Desa Bolorejo Kecamatan Kauman Kabupaten Tulungagung kanthi Tintingan Folklor amarga supaya kanggo nguri-nguri lan nglestarekake kabudayan Jawa kang awujud crita rakyat kanggo ningkatake rasa nasionalisme minangka ciri utawa idhentitas dhaerah, uga crita iki bisa disenengi para generasi mudha. Saliyane kuwi wigatine panliten iki yaiku : 1) kanggo ngupaya nguri-uri lan nglestarekake kabudayan Jawa mligine crita rakyat ing Kabupaten Tulungagung, jalaran crita rakyat mung kasimpen ing pangeling-eling wong tuwa utawa sesepuh kang cacahé saya suwe saya suda, 2) kepingin mangerteni luwih njero babagan crita legendha pasarean Syekh Basarudin saka wong siji lan liyane, 3) kepingin mangerteni gegayutane legendha marang bebrayan kang dianggep nduweni piguna tartamtu, 4) kepingin mangerteni kepriye kalungguhane legendha ing masyarakat 5) amarga legendha pasarean Syekh Basarudin iki durung tau ana kang naliti. Kaya mangkono iku kang dadi wigatine panaliti saengga ndadekake panliti kepingin naliti legendha kasebut lan uga minangka wujud katresnan marang kabudayan Jawa.

#### UNDERANE PANLITEN

Saka babagan kang wis diandharake ing ndhuwur, bisa didudut panliten kaya mangkene:

- 1) Kepriye wujud PLPSBTTN ing Dhusun Srigading Desa Bolorejo Kecamatan Kauman Kabupaten Tulungagung?
- 2) Kepriye makna simbol kang kinandhut sajrone PLPSBTTN ing Dhusun Srigading Desa Bolorejo Kecamatan Kauman Kabupaten Tulungagung?
- 3) Nilai-nilai budaya apa wae kang kinandhut sajrone PLPSBTTN ing Dhusun Srigading Desa Bolorejo Kecamatan Kauman Kabupaten Tulungagung?
- 4) Kepriye fungsi sosiale PLPSBTTN ing Dhusun Srigading Desa Bolorejo Kecamatan Kauman Kabupaten Tulungagung?

Kepriye kalungguhane PLPSBTTN tumrap masyarakat ing Dhusun Srigading Desa Bolorejo Kecamatan Kauman Kabupaten Tulungagung?

#### **TUJUWANE PANLITEN**

Panliten ngenani PLPSBTTN ing Dhusun Srigading Desa Bolorejo Kecamatan Kauman Kabupaten Tulungagung iki nduweni tujuwan kaya nengkene:

- 1) Ngandharake wujud PLPSBTTN ing Dhusun Srigading Desa Bolorejo Kecamatan Kauman Kabupaten Tulungagung.
- 2) Njlentrehake ngenani makna simbol kang kinandhut sajrone PLPSBTTN Dhusun Srigading Desa Bolorejo Kecamatan Kauman Kabupaten Tulungagung.
- 3) Njlentrehake nilai-nilai apa wae kang kinandhut sajrone PLPSBTTN ing Dhusun Srigading Desa Bolorejo Kecamatan Kauman Kabupaten Tulungagung.
- 4) Njlentrehake ngenani fungsi sosial PLPSBTTN tumrap masyarakat ing Dhusun Srigading Desa Bolorejo Kecamatan Kauman Kabupaten Tulungagung.
- 5) Ngandharake kalungguhane PLPSBTTN tumrap masyarakat ing Dhusun Srigading Desa Bolorejo Kecamatan Kauman Kabupaten Tulungagung.

#### **PAEDAHE PANLITEN**

- 1) Nambahi kawruh ngenani wujud PLPSBTTN ing Dhusun Srigading Desa Bolorejo Kecamatan Kauman Kabupaten Tulungagung.
- 2) Bisa ngandharake makna simbol kang ana sajrone PLPSBTTN.
- 3) Bisa ngandharake nilai-nilai budaya kang kinandhut sajrone PLPSBTTN lan piguna folklor legendha kasebut.
- 4) Bisa ngandharake ngenani fungsi PLPSBTTN ing Dhusun Srigading Desa Bolorejo Kecamatan Kauman Kabupaten Tulungagung.
- 5) Bisa mangerteni kepriye kalungguhane PLPSBTTN tumrap masyarakat ing Dhusun Srigading Desa Bolorejo Kecamatan Kauman Kabupaten Tulungagung.

Kanggo dhokumentasi, mligine tumrap masyarakat Dhusun Srigading ing babagan kabudayan amrih tansah dijaga lan dilestarekake supaya bisa dimangerteni kabeh dhaerah saka sanjabane Dhusun Srigading

#### **WATESANE PANLITEN**

Wewatesan istilah kang dikarepake ing panliten iki yaiku supaya pamaos bisa mangerteni lan ora menehi tafsiran liya ngenani istilah-istilah kang ana ing sajrone panliten iki. Istilah kang dimaksud panliti yaiku:

- 1) Folklor yaiku saperangan kebudayaan kolektif kang sumebar lan diwarisake turun-temurun kanthi cara tradhisional kanti versi kang beda kaya dene lesan utawa gerak isyarat utawa kanggo mbiyantu pengeling-eling (Danandjaja, 1984:1).
- 2) Panyebareane folklor kanthi gethuk tular (saka lambe ing lambe), ora kanthi *cetakan* utawa *rekaman* ndadekake proses pola pikire manungsa kelalen (lupa diri), saengga bisa ngowahi sanjabane folklor sithik akehe (tanpa ninggalake wujud asline) (Danandjaja, 1984:4).
- 3) Kabudayan yaiku sakabehing gagasan, rasa manungsa ing bebrayan kang kudu dikulinakne lan dilakoni kanthi sinau (Koentjaraningraty, 1987:9).
- 4) Simbol yaiku objek utawa prastawa apa wae kang nggambarake kekarepan tartamtu (Sudikan, 2001:180).
- 5) Nilai budaya yaiku salah sawijine prinsip kanggo nimbangi becik lan alane samubarang (Pranomo, 2005:90).
- 6) PLPSBTTN yaiku Legendha ngenani Syekh Basarudin kang ana ing Dhusun Srigading Desa Bolorejo Kecamatan Kauman Kabupaten Tulungagung, lan pawongan kang babad lan nyebarake agama Islam ing tlatah Tulungagung.

#### **TINTINGAN KAPUSTAKAN**

Ing sajrone tintingan kapustakan iki bakal diandharake babagan teori kang ana gegayutane karo kajian folklor, konsep lan lelandhesane teori kang ana ing sajrone PLPSBTTN. Konsep teori kang digunakake ing panliten legendha, yaiku konsep kabudayan, konsep folklor, konsep owahan folklor. Lelandhesane panliten ing panliten legendha yaiku makna simbol, fungsi lan owah-owahan folklor kang dumadi ana sajrone PLPSBTTN ing Dhusun Srigading. Sadurunge mlebu ing teori lan konsep kaandharake luwih dhisik panliten kang saemper. Andharane kang ana ing ngisor iki.

##### **Panliten Saemper**

Bab iki bakal ngandharake ngenani panliten sakdurunge utawa panliten kang wis ana lan meh padha karo panaliten kang arep diteliti. Panliten saemper kang ngrembug legendha tuladhane panliten kang diteliti dening Aestri Fatimatul, mahasiswa jurusan Bahasa Dhaerah angkatan 2007 kanthi irah-irahan *Legendha Mlathi Ngglandhang Anakan desan Sidomulya Ngadirejo Pacitan*. Asil panliten iki ngrembug babagan gambaran crita, patutur, kalungguhan crita tumrap masyarakat, fungsi crita lan gegayutan karo masyarakat bebrayan. Sajrone ing panliten iki kang dadi punjere kanthi nganalisis fungsi legendha kang diandharake Bascom lan ditambahi karo Dundes



yaiku, kanggo nggulewenthah anak, kanggo nuwuhake rasa syukur marang Gusti, kanggo njaluk keslametan, kanggo panggon hiburan, kanggo ngesahake pranata-pranata lan lembaga kebudayaan, sarta piranti kanggo nglestarekake kabudayan.

Panliten kapindo yaiku kang ditindakake dening Feni Rodesta ing tahun 2010 kanthi irah-irahan *Legendha Patapan Rara Kembang Sore ing Gunung Bolo Desa Bolorejo Kecamatan Kauman Kabupaten Tulungagung* kanthi tintingan folklor. Ing sajrone panliten kasebut ngandharake ngenani pitutur-pitutur kang ana ing sajrone carito iki ngemu babagan nilai budaya lan norma ing masyarakat. Nilai budaya kasebu, yaiku 1) nilai pangabekten, 2) nilai wicaksana 3) nilai tulung-tinulung 4) nilai ora gampang pasrah 5) nilai pangurbanan. Norma ing sajrone legendha Patapan Rara Kuning, yaiku 1) norma kesusilaan, 2) norma kesopanan, 3) norma hukum, lan 4) norma agama.

Panliten katelu yaiku kanthi irah-irahan *Legendha Ki Ageng Honggolono ing Desa Galon Kecamatan Sukorejo Kabupaten Ponorogo* taun 2012 kang diteliti dening Yuli Kristina Dewi mahasiswi jurusan Pendhidhikan Basa lan Sastra Dhaerah Universitas Negeri Surabaya kanthi nggunakake tintingan folklor. Ing sajrone panliten iki ngandharake ngenani babagan teori struktu naratif, nilai-nilai kabudayan lan fungsi. Ing sajrone panliti kang diteliti kuwi nilai budaya kang ana, yaiku 1) nilai budaya kang ana gegayutane percaya marang Gusti kang Maha Kuwasa; 2) nilai budaya kang ana gegayutane antarane manungsa karo manungso liyane; 3) nilai budaya gegayutan antara manungso karo bebrayan lan; 4) nilai budaya kang ana gegayutane antara manungsa karo pribadhiné.

Kang mbedakake panliten iki karo panliten liyane yaiku objek kang ditintingi lan papan panggonane kang beda. Panliten PLPSBTTN iki dumunung ing Dhusun Srigading Desa Bolorejo Kecamatan Kauman Kabupaten Tulungagung. Legendha iki ngrembug babagan ngenani wujud legendha, makna simbol, fungsi legendha lan nilai-nilai kang kinandut sajrone PLPSBTTN ing Dhusun Srigading Desa Bolorejo Kecamatan Kauman Kabupaten Tulungagung. Tintingan kang digunakake kanggo ngrembug legendha iki yaiku wujud, pigunane, nilai-nilai budaya lan makna simbol sajrone legendha kasebut. Tintingan dirasa luwih trep kanggo nintingi PLPSBTTN kang arep diteliti kasebut.

### **Konsep-konsep Panliten**

Konsep yaiku gambaran mental saka objek, proses, utawa apa wae kang ana ing njabane basa kang digunakake akal budi kanggo ngerteni bab liyane (KBBI, 2004). Konsep sajrone panliten iki diandharake ing ngisor iki.

### **Konsep Kabudayan**

Kabeh manungsa iku nduweni cipta, rasa lan karsa kang bisa nyiptakake idhe-idhe kanggo pawujudane lan saben dhaerah mesti nduwenikang jenenge kabudayan. Sajrone kabudayan ing saben dhaerah mesti beda-beda lan ana kang isih dijaga uga ana kang wis saya ilang ing jaman saiki. “Kabudayan” yaiku asale saka basa Sansekerta yaiku *buddayah*, yaiku wujud jamak saka budhi kang ateges “budi” utawa “akal”, saengga kabudayan iku nduweni teges yaiku bab kang ana gegayutane marang budi lan akal. (Koentjaraningrat, 1987:9). Dadi kabudayan yaiku asile saka budi lan akale manungsa kanggo nggayuh kasempurnaane urip ing bebrayan. Jarwane kabudayan yaiku sakabehe gagasan, rasa sarta oleh ciptane manungsa ing bebrayan kang kudu dikulinakake, dilakoni kanthi cara sinau (Koentjaraningrat, 1987:1).

Miturut Taylor (sajrone Sulaeman 1998) ngandharake kabudayan yaiku rasa pangrasa bangsa kang maneka warna, ngenani kawruh, seni, moral, hukum lan adat pakulinan kang tuwuh sajrone masyarakat. Miturut Sudikan (2001:3) ngandharake yen kabudayan minangka nyawijine idhe, kabudayan kasusun saka reroncene nilai-nilai, norma-norma kang isine ngenani tindhak-tandhuke kang diwujudake karo payungkuyunge. Kabudayan kuwi tuwuh saka idhe utawa gagasan kang diduweni manungsa utawa kelompok banjur ditrapkake ana ing bebrayan lan bisa awujud budaya lesan, tradhisi uga keseniane. Kabudayan kasebut ana wiwit jamane leluhur lan diturunake kanthi turun-temurun menyang generasi sabanjure kanggo tetep bisa nguri-nguri budaya kang wis cures utawa ilang ing jaman lan supaya bisa ditindakake maneh ing urip bebrayan.

### **Konsep Folklor**

Kanthi etimologis tembung folklor ing basa Indonesia yaiku folklor kang dumadi saka rong tembung yaiku *folk* lan *lore*. Tembung *folk* tegese saperangan manungsa kang nduweni pratandha fisik, sosial lan kabudayan. Mula bisa dibedakake saka perangan siji lan sijine. Tembung *lore* nduweni teges yaiku saperangan kabudayan kang diwarisake kanthi cara turun-temurun kanthi sarana lesan utawa tulisan.

Miturut Danandjaja (1991:6-7) folklor digolongake dadi telung jinis yaiku

#### **1) Folklor Humanistis**

Folkloff Humanistis yaiku folklor kang luwih mentingake aspek *lor* tinimbang *folk*. Jinis folklor iki ora mung kasusastran lisan kayata crita rakyat, takhayul, baladha lan liya-liyane naning uga pola tumindake manungsa kayata tari, basa rakyat, sarta asil tumindake arupa barang material kayata *arsitektur* rakyat, dolananan rakyat, busana rakyat. Para ahli folklor humanistis lumrahe lelandhesan ilmu basa lan kasusastran.

## 2) Folklor Antropologis

Folklor antropologis yaiku kang luwih mentingake aspek *folk* tinimbang *lor*. Jinis folklor iki luwih mbatesi unsur-unsur kabudayan kang asipat lisan wae (*verbal arts*) kayata crita rakyat, teka-teki paribasa, syair rakyat, lan kasusastran liyane. Para ahli folklor antropologis lumrahe lelandhesan karo ilmu antropologi.

## 3) Folklor Modern

Folklor modern luwih nengenake karo rong aspek folklor yaiku *folk* lan *lor*. Kabeh unsur kabudayan manungsa diwarisake kanthi cara lesan utawa kanthi cara tiruan. Folklor jinis iki ana ing tengah-tengah jinis folklor kang wis disebutake ing ndhuwur yaiku folklor humanistis lan folklor antropologi. Para ahli folklor modern lumrahe lelandhesan kanthi ilmu-ilmu *interdisipliner*.

Miturut Danandjaja (1984:3-4) ngandharake yen folklor nduweni ciri-ciri, yaiku 1) Disebarake lan diwarisake kanthi cara lesan lan gethok-tular marang wong siji lan sijine; 2) Folklor asipat tradhisional amarga cara nyebarake silih gumanti saengga mbutuhake wektu suwe; 3) Folklor ana versi lan varian kang beda-beda; 4) Folklor asipan anonim, yaiku jenenge pangripta ora diweruh maneh; 5) Folklor nduweni wujud berpola; 6) Folklor nduweni paedah ing panguripane manungsa, wong akeh lan kolektif; 7) Folklor asipat pralogis, yaiku nduweni logika dhewe kang ora padha marang logika liyane; 8) Folklor dadi duweke bebrayan kang ana ing dhaerah tartamtu lan; 9) Folklor umume asipat polos lan lugu, mula kerep katon kasar utawa kalem uga alus.

Miturut Bruvand (sajrone Danandjaja, 1984:21-22) wujud folklor ana telu, yaiku 1) folklor lesan (*manifest*), yaiku folklor kang wujud nyata lesan. Folklor kang kalebu ing perangan iki antarane, yaiku penyaru tradhisional kayata pasemon, lelagon rakyat, guritan rakyat (geguritan, syair, parikan, lan gurindam), pitakon tradhisional (cangkriman), lan crita rakyat (dongeng, legendha); 2) folklor setengah lesan (*sosiofact*), yaiku folklor kang wujud saka campuran unsur lesan lan ora lesan, kang kalebu folklor lesan, yaiku sandhiwara rakyat (kethoprak, ludruk, wayang) lan; 3) folklor dudu lesan (*artifact*), folklor iki diperang dadi loro, yaiku folklor material kayata panganan, piranti, obat-obatan lan folklor kang ora wujud material kayata musik, basa isyarat lsp.

## Konsep Legendha

Legendha yaiku crita prosa rakyat kang dianggep dening kang nduwure bener-bener kedadeyan. Mula saka kuwi saperangan saka masyarakat ngarani yen legendha iku “sejarah rakyat” utawa kang isih ana gegayutane karo panguripane rakyat (Hutomo, 1991:64) legendha iku asipat *migratoris* yaiku bisa pindhah-pindhah. Saliyane kuwi legendha nyebar lan mangun klompok-klompok kang diarani siklus, yaiku seklompok crita kang nyritakake salah

sawijine tokoh utawa salah sawijine kedadeyan. Titikane saka legendha bisa dititiki pangripta (anonim) tanpa jeneng lan diduweni kanthi kolektif, lan nduweni fungsi tartamtu ing masyarakat kang durung kenal aksara (wuta hurup) (Danandjaja, 1984:66).

## Tradhisi lan Adat istiadat

Tembung tradhisi sajrone basa latin nduweni teges seni warisan budaya kang ngrembaka kanthi turun-temurun. Miturut (Tim, 1995:1069) tembung tradhisi kanthi etimologis nduweni teges adat pakulinan kang turun-temurun saka para leluhure ditindakake dening masyarakat, nduweni pambiji utawa tanggapan yen cara-cara kang wis trep, salah sawijine cara kang trep lan becik. Poerwadarminta (1976:188) ngandharake tradhisi minangka sakabehing adat, kapitayan, lan liya-liyane kang diwarisake para leluhur. Andharan kasebut slaras karo panemune Rendra (1984:3) nandharake tradhisi minangka pakulinan kang turun temurun dening para leluhur sajrone kolektif bebrayan.

## Konsep Makna Simbol

Manungsa nduweni kabudayan khas sajrone sistem budaya kang migunakake simbol minangka piranti kanggo nitipake pesen utawa nasihat marang masyarakat payengkuyunge. Manungsa lan kabudayan sejatine nduweni gegayutan utawa sesambungan raket amarga kabudayan ngandhut makna, nilai uga pamikirane manungsa minangka pangripta. Dadi saben simbol nduweni makna kanthi bisine nitipake pesen utawa nasehat-nasehat dhewe-dhewe. Makna simbol yaiku tandha utawa lambang kang ana ing sanjabane basa kang ditandai utawa dilambangake yaiku barang utawa samubarang kang dipathok karo lambang kasebut (Suwandi, 2006:49).

## Konsep Fungsi

Folklor kuwi minangka salah sawijine tradhisi rakyat kang diwarisake turun-temurun lan cara panyebarane kanthi gethok-tular marang wong siji lan liyane. Payengkuyunge kaya dene para generasi muda kang bisa ngrembakake kabudayan kanthi kasebar amba ing bebrayan. Supaya kabudayan ora muspra masyarakat Jawa kudu nduweni antusias utawa niat kanggo nglestarekake kabudayan kasebut, kanthi nindhakake saben budaya kasebut kanthi trep kaya aturan kang wis ana. Folklor utawa kabudayan kang minangka tradhisi rakyat mesthi nduweni piguna tartamtu kanggo bebrayan kang nyengkuyung. Piguna kang diduweni iku bakal narik kawigaten bebrayan supaya tetep njaga lan ngugemi tradhisi iku.

### **Konsep Nilai Budaya**

Kabudayan minangka salah sawijine idhentitas bangsa, saben dhaerah nduweni kabudayan kang dilestarekake. Saben kabudayan nduweni wujud *universal* kang beda-beda jinise. Jinis lan pamedane yaiku saka wujud kabudayan kang diduweni dening masyarakat tartamtu. Pamedane kaasilake saka olah tangane lan pengalaman-pengalamane masyarakat panyengkuyung kabudayan kasebut. Bebrayan Jawa minangka kelompok kang nduweni kabudayan lan titikan dhewe kang mbedakake antarane kabudayan Jawa karo kabudayan liyane. Nilai budaya iku minangka konsep kang urip pamikirane manungsa ngenani samubarang bisa bisa dianggep nduweni nilai ing sajrone urip bebrayan.

### **Lelandhesan Analisis**

Sajrone lelandhesan analisis bakal diandharake ngenani analisis lan konsep miturut para ahli kang digunakake kanggo nintitngi PLPSBTN supaya luwih gampang anggone njlentrehake ngenai legendha kang diteliti iki.

### **METODHE PANLITEN**

Ana ing sajrone bab III iki bakal ngrembug ngenani ancangan panliten, objek lan papan panliten, sumber data lan data, tatacara nemtokake informan, tata cara nemtokake instrumen panliten, tata cara analisis data, lan teknik nulis asiling panliten

### **Ancangan Panliten**

Ancangan panliten iki mujudake salah sawijine ancangan panliten kanggo nlinti salah sawijine objek kang arep diteliti nganggo metode kang trep. Saliyane kuwi ancangan panliten uga nggampangake kanggo nindakake panliti anggone nlinti. Ancangan kang digunakake sajrone panliten iki asipat kualitatif deskriptif.

### **Objek lan Papan Panliten**

Miturut Endraswara (2006:5) anggone nglumpukake dhata sajrone panliten budaya kudu nemtokake objek lan papan panliten, jalaran objek lan papan panliten kang wigati. Papan panliten iki manggon ing Dhusun Srigading Desa Bolorejo Kecamatan Kauman Kabupaten Tulungagung. Objek iki dipilih amarga akeh masyarakat saka dhaerah sakiwa tengene lan masyarakat sanjabane Dhusun Srigading pada ziarah ing pesarean kasebut, kanggo ndonga lan njaluk pitulungan apa wae dikabulake lan orane kabeh gumantung marang Gusti Kang Maha Kuwasa. Saliyane kanggo panggonan ziarah ing kono uga kanggo panggonan dolan (rekreasi) masyarakat Tulungagung lan njaba Tulungagung.

### **Sumber Dhata lan Dhata Panliten**

Ngumpulake dhata yaiku perkara kang wigati nalika nindakake sawijine panliten. Anane dhata bisa dadi

bahan panyengkuyung kanggo objek panliten. Maryaeni (2005:60) ngandharake, ana telung perkara kang kudu digatekake nalika nintingi babagan dhata sajroning panliten, yaiku 1) perspektif, 2) tekstualisasi, lan 3) makna. Mula, dhata-dhata kang lesan utawa tulisan kudu ana kanthi tujuwan mujudake perspektif kang luwih cetha.

### **Sumber Dhata Panliten**

Sumber dhata yaiku sumber kang bisa menehi informasi utawa kawruh marang panliti. Sumber dhata ing panliten iki kaperang dadi loro, yaiku awujud lesan lan awujud barang. Dhata bisa dijupuk saka asiling observasi, wawancara, lan dokumentasi. Dhata awujud lesan utawa informasi bisa diasilake saka informan kang mangerteni ngenai *Legendha Pasarean Syekh Basarudin ing Dhusun Srigading Desa Bolorejo Kecamatan Kauman Kabupaten Tulungagung* lan dokumentasi kang bisa nguatake panliten iki.

### **Tatacara Nemtokake Informan**

Informan kang dienggo yaiku informan *primer* lan *skunder*. Informan primer ing kene yaiku juru kunci makam Syekh Basarudin. Juru kunci saka makam Syekh Basarudin yaiku Pak Asrori. Informan sekunder yaiku sesepuh lan masyarakat kang ana ing Dhusun Srigading Desa Bolorejo Kecamatan Kauman Kabupaten Tulungagung.

### **Tatacara Nglumpukake Dhata**

Tata cara nglumpukake dhata kuwi salah sawijine bab kang penting kanggo panliten. Tata cara nglumpukake dhata yaiku tata cara kang digunakake kanggo ngasilake data ing sajrone panliten. Sajrone panliten kualitatif teknik pangumpulaning dhata kang utama yaiku *observasi*, *wawancara*, *rekaman*, *nyathet*, lan *dokumentasi*.

### **Observasi**

Obsevasi yaiku salah sawijine cara kanggo objuek kang arep diteliti kanthi cara langsung lan ora langsung. Miturut Sugiyono (2008:145) tata cara observasi yaiku tatacara kanggo nlinti babagan solah bawane manungsa, tumndange manungsa, lan kedadeyan ing donya. Observasi ora mung saka apa kang diingeti nanging uga saka pengalaman kang diduweni saka pangrasa panca driya, kayata: pangrungu lan sapanunggalane. Kaunggulane saka teknik *observasi* yaiku, panliti bisa melu ngrasakake apa mkang ana ing lapngan.

### **Wawancara**

Wawanara yaiku salah sawijine cara kanggo nglumpukake dhata kanthi cara nyuwun pirsara marang puhak-pihak kang gegayutan karo legendha kasebut. Sadurunge nindakake wawancara, panliti kudu nyiapake



bahan-bahan apa wae kanggo wawancara kayata, tulisan-tulisan kanggo pitakonan-pitakonan kang ana gegayutane karo legendha kang diteliti, kaset utawa kamera kang bisa digunakake kanggo nyuting lan ngrekam wawancara. Wawancara yaiku tata cara nglumpukake dhata kanthi cara ngajokake pitakonan marang *informan* kang bisa menehi informasi (Arikunto, 2010:82).

### **Rekaman**

Rekam yaiku pesan saka samubarang kang wis diucapake utawa ditulis (Poerwadarminta, 1984:1187). Tata cara ngrekam diperang dadi loro, yaiku kanthi *konteks* asli ateges rekaman iku ditindakake kanthi asli ora ana bab kang digawe-gawe, dene *konteks* ora asli yaiku rekaman kang ditindakake kanthi disengaja supaya antuk dhata (Hutomo, 1991:71).

### **Nyathet**

Cathet yaiku nulis samubarang kang dianggep wigati lan minangka pangeling-eling (Poerwadarminta, 1984:264). Teknik nyathet sajrone panliten iki yaiku nyathet babagan kang dianggep penting kang kirane durung direkam, kayata idhentitas informan lan wektu sarta papan nalika nglaksanakake rekaman. Nyathet yaiku salah sawijine kagiyatan kang asring dilakoni dening manungsa, minangka kang dicathet babagan kang wigati utawa babagan kang penting, lan piranti kang dienggo yaiku pulpen utawa petelot uga buku tulis.

### **Dhokumentasi**

Dhokumentasi mujudake bab kang wigati sajrone panliten. Dhokumentasi sajrone panliten iki diperang dadi loro yaiku: 1) Dhata dhokumentasi lapangan sajrone PLPSBTTN kayadene photo makam kang dikeramatake, uga saperangan wujud barang kang dadi panyengkuyung anane crita legenda, kapitayan sarta tradhisi kang ana, 2) Dhata dhokumentasi kelurahan mujudake dhata kahanan Desa Bolorejo.

### **Alih Wacanna**

Sudikan (1991:18) ngandharake tekhnik transkripsi kang digawe ing panliten iki prinsip mindhah kanthi bener. Prinsip iki ngandharake yen tembung-tembung kang diandharake dening informan kabeh dipindhah dadi tulisan. Apik iku ujaran kang salah, maknane kang ora nggenah sajrone ngomong, utawa dialeg.

### **Instrumen Panaliten**

Instrumen panliten yaiku alat kang digunakake kanggop nggarap asile panliten. Ana ing sajrone bab iki gegayutane karo *kualitas* data asiling panliten, yaiku *kualitas instrumen* panliten lan *kualitas pengumpulan*

*data*. Sajrone panliten *kualitatif* kang dadi *instrumen* utawa alat panliten yaiku panaliti dhewe (Sugiyono, 2009:59).

### **Tatacara Ngolah Dhata**

Tata cara ngolah dhata kuwi kang wis dilumpukake kanthiurut lan trep supaya anggone analisi dhata ora amburadul lan dhata kasusun kanthi rapi lan jangkep. Miturut Paton sajrone (Moleong, 2011:103) ngenani nganalisis dhata yaiku proses ngatur urutane dhata, ngorganisasiake ing sajrone pola, kategori lan nyawijikake dheskripsine dhata.

### **ANDHARAN ASILE PANLITEN**

Ing andharan asile panliten diwiwiti kanthi ngrembug babagan ngenani gegambarane desa, kang diperang saka kahanan alam desa, struktur pamarintahan, pendhudhuk, pendhidhikan, pangupajiwane masyarakat, agama lan sistem religi. Sabanjure ing bab iki uga ngandharake gegayutane karo 1) gegambarane Dhusun Srigading Desa Bolorejo Kecamatan Kauman Kabupaten Tulungagung, 2) wujud PLPSBTTN, 3) makna simbol, 4) fungsi, 5) nilai-nilai budaya kang ana sajrone PLPSBTTN, 6) kalungguhane PLPSBTTN tumrap masyarakat Dhusun Srigading.

### **Wujud Legendha Pasarean SyekhBasarudin**

Mula bukane legendha PSB miturut para informan wis ana wiwit jaman biyen, nanging akeh kang ora mangerteni kanthi cetha. Cita lesan angel dimangerteni kanthi cetha kapan dumadine, amarga cita lisan ngrembaka saka omongan wong siji marang wong liyane. Cita PLPSBTTN iki kalebu crita kang wis kuna utawa tuwa.

### **Wujud PLPSBTTN Miturut Bapak Asrori (Juru Kunci)**

Syekh Basarudin kuwi keturunan Kyai Abdul Rahman bin Kyai Abdul Mursyad bin R. Demang Aryo Panular III bin R. Demang Aryo Panular II (Adipati Patih Demang) kang nduweni bojo yaiku Raden Putri (keturunan Brawijaya II utawa Hayam Wuruk kang krama kaliyan Putri Sori utawa Sri Dewi. R. Demang Aryo II yaiku keturunan saka Arya Bangah utawa Arya Panular utawa Arya Tilam (Patih Dhoho) kang nduweni bojo yaiku Dewi Sekar Kemuning. Syekh Basarudin ing jaman uripe dikenal Syekh kang sufi lan sabar. Bisa didakekake patuladhan yen SyekhBasarudin kuwi mau kagolong wong kang sabar yaiku SyekhBasarudin yen dhahar sego panjenengane mesthi mangan sego kang ana krikile utawa watu kang cilik-cilik. Segu kuwimau dipangan kalem-kalem lan nyisih-nyisihne krikil kang ana

ing segone. Kabeh tumindak kuwi mau supaya lan kanggo panjenengane bisa luwih sabar maneh utawa kanggo nglatih kesabarane. SyekhBasarudin ing dina-dinane mung ngentekne wektu kanggo dakwah, mujahadah lan ora tau telat anggone maca Al-Quran. SyekhBasarudin ora tau nggawe wektune ana kang nganggur utawa kaguwak mubadzir. Sakliyan kuwi SyekhBasarudin uga ora tau telat yen nglakoni pasa sunah, kayata pasa senin-kamis, pasa rajab lan liya-liyane.

Syekh Basarudin nduweni tunggal telu, kang sepisan yaiku kyai Nursoto utawa Basarudin, kang kelo ora dimangerteni asmane, nanging ana informan kang muni yen jenenge yaiku Kyai Rodi, kang ketelu yaiku Kyai Abdul Rohman jenenge padha karo jenenge Bapake yaiku kyai Abdul Rohman. Ketelune putrane Kyai Abdul Rohman kang asale saka Desa Kalangbret. Kyai Abdul Rohman kuwi isih ana keturunan saka Kyai Anom Besari yaiku dulure kandhung kang cacah ana papat yaiku kang pertama Kyai Anom Besari, kang kapindo yaiku Kyai Abdul Rohman, kang nomer telu yaiku Kyai Muslim lan kang nomer papat yaiku Nyai Nedo Muhamad Kulur Sembuyun.

#### **Wujud PLPSBTTN Miturut Mbah Asroni (Sesepuh Desa)**

Legendha ngenenai Syekh Basarudin kuwi wis dimangerteni para Masyarakat, khususse warga Desa Bolorejo. Legendha kasebut bisa dikenal msyarakat amarga legendha kasebut nyritakake ngenani lumakune waliallah kang nduweni peran penting anggone masyarakat Tulungagung. Syekh Basarudin yaiku Syekh kang nyebarake agama islam pertama ing Tulungagung lan pawongan kang mbabad Desa Bolorejo. Syekh Basarudin saliyan dikenal masyarakat dadi pawongan kang mbabad Desa Bolorejo lan nyebarake ilmu agama ing Tulungagung, Syekh Basarudin uga dikenal dadi gurune para pemimpin kutha Tulungagung. Sawise manggon ing Tulungagung Syekh Basarudin mesthi nggunakake wektu-wektune kanggo dzikir, tirakat lan maca Qur'an, Syekh Basarudin ora tau ngguwak-nguwak wektune kanggo babab kang ora penting utawa urusan ndonya. Sajrone dzikir Syekh Basarudin uga tetep milih panggonan kang ana kaline supaya yen dheweke ngantuk lan keturon bisa langsung kecemplong ing kali kasebut.lan bisa nerusake anggone dzikir. Nalika dina anggone dheweke dzikir Syekh Basarudin nyawang mangidol ana murup putih lan dirasa murupe padhang banget lan uga bisa kelap-kelip, akhire babagan kang bisa murup lan dirasa aneh kuwi diparani karo Syekh Basarudin, nanging sawise teka ing panggonan kasebut ora ana apa-apa kang murup ing panggonan kuwi. Panggonan kang ana ing dhuwur gunung kang saiki dadi gunung bolo. Akhire Syekh Basarudin nduweni niatan yen dheweke bakal dzikir ing panggonan

kono. sawise dzikir Syekh Basarudin keturon lan diimpeni pawongan kang nganggo jubah putih resik lan ngandhani dheweke supaya mbabat panggonan ngisore gunung kasebut supaya dadi desa kang subur lan makmur uga resik saka babagan kang ala nanging, Syekh Basarudin ora langsung percaya karo ngipine kuwi.

#### **Petilasan lan PeninggalanSyekh Basarudin**

Legendha Pasarean Syekh Basarudin ana gegayutane karo petilasan-petilasan kang ana ing Desa Bolorejo. Petilasan iki bisa didadekake bukti kanggo nyengkuyung anane legendha kasebut. Mushola Baitussalam minangka salah sawijine petilasan saka Syekh Basarudin kang bisa ndadekake PLPSBTTN luwih ngrembaka lan luwih dikenal ing masyarakat. Saliyan mushola, uga ana petilasan kang arupa pesareyan Syekh Basarudin kang manggon ing mburine mushola kasebut. Pesarean iki isine yaiku pesareane kaluwarga-kaluwargane Syekh Basarudin lan murid-muride kang tau dadi pemimpine kutha Tulungagung. Saliyan kuwi Syekh Basarudin uga nduweni paninggalan yaiku arupa kris, tombak lan omah kang ing jaman ndhisik dadi panggonane Syekh Basarudin.

#### **Pangaribawane Legendha Pasarean Syekh Basarudin Sajrone Tradhisi Nyadran**

Nyadran yaiku salah sawijining tradhisi kang ana ing ing makame Syekh Basarudin. Tradhisi kasebut biasane ditindhakake setaun pisan ing wulan jumadil awal lan ditindakake ing dina setu pon, dina kasebut dianggep dina kang apik jalaran uga ana gegayutane karo dina kelairane Syekh Basarudin. Tradhisi kasebut wis saya ngrembaka ing jaman kang wis saya maju iki. Saliyan tradhisi iki uga ana tradhisi-tradhisi liyane, antarane tradhisi Tahlilan, Pleretan, Wiwitan lan, Tumpengan (Takir klonthang). Tradhisi-tradhisi iki ing Desa Bolorejo uga isih dilaksanakake nganti saiki. Anane tradhisi-tradhisi kasebut dadi rasa syukure para warga Desa Bolorejo marang leluhure lan marang Gustine, amarga kabeh lelakoning urip kang nemtokake yaiku Gusti Kang Maha Kuwasa. Mula saka kuwi Tradhisi-tradhisi kasebut bakal dijlentrehake ana ing ngisor iki.

#### **Makna Simbol kang Kinandhut ing PLPSBTTN**

Saben manungsa kerep migunakake simbol-simbol tartamtu kanggo nggambarake ciri khas kabudayan kang diduweni ing saben dhaerahe kanggo pesen utawa nasihat marang masyarakat panyengkuyunge. Saben simbol nduweni makna tartamtu kanggo nggambarake apa teges kang diduweni saben simbol kuwi. Sudikan (2001:180), ngandharake simbol yaiku tandha kang negesi prakara tartamtu, saliyan iku simbol mujudake objek



utawa prastawa apa wae kang nggambarake kekarepan tartamtu.

PLPSBTTN uga nduweni simbol-simbol kang ana gegayutane karo PLPSBTTN, kayata makam (watu nisan), kali kang ana iwake, kembang wangi.

#### **Nilai Budaya kang Kinandhut ing PLPSBTTN**

Nilai budaya iku minangka konsep kang urip pamikirane manungsa ngenani samubarang kang dianggep nduweni nilai kang sajrone urip bebrayan. Lantini (1996:251), ngandharake yen nilai budaya diperang dadi telu, yaiku: 1) nilai dhidhaktis yaiku nilai kang nduweni asipat pasinaonan. Pasinaonan iku werna-werna pambageane, antarane babagan agama, kepahlawanan, budi pekerti, lan liya-liyane, 2) nilai religius yaiku nilai kang ngubungake manungsa lan Gustine kaya dene nglakoni akidah-akidah agama lan ngupaya cedak marang Gustine, 3) nilai etik yaiku hubungan sebab akibat saka anane sipat-sipat lan alane manungsa.

#### **Fungsi PLPSBTTN Tumrap Masyarakat Desa Bolorejo**

Fungsi folklor miturut Dundes (sajrone Sudikan, 2001:109) yaiku 1) mbiyantu sarana panggulawentah marang wong enom (*aiding in the education of young*), 2) kanggo sarana kritik sosial, 3) kanggo sarana panglipur masyarakat, 4) kanggo sarana ngupadi katrenteman batin, 5) kanggo sarana ndedonga lan ngibadah, 6) kanggo sarana nguri-uri kabudayan.

Fungsi folklor kang diandharake dening Allan Dundes uga lumaku kanggo PLPSBTTN ing Dhusun Srigading Desa Bolorejo Kecamatan Kauman Kabupaten Tulungagung. Para informan nduweni keyakinan yen fungsi-fungsi sosial kang ana sajrone crita rakyat bisa digunakake kanggo pangrembakane masyarakat.

#### **Kalungguhane Legendha Pasarean Syekh Basarudin ing Masyarakat Dhusun Srigading Desa Bolorejo Kecamatan Kauman Kabupaten Tulungagung**

Masyarakat Desa Bolorejo saperangan gedhe yaiku masyarakat Jawa. Masyarakat Jawa yaiku masyarakat kang nduweni sikap urip bebarengan kang adhedhasar adat-istiadat, tatacara urip kang diwarisake saka sesepuh, senajan adat-istiadat kasebut kadhang ora masuk akal. Kayata nduweni kapercayan marang roh leluhur sawise ninggal. Dalan uripe kang kaya mangkono iku nuwuhake sikap urip bebrayan kang sengkud anggone usada gawe nyekeli sakabehing kekuwatan-kekuwatan kang nduweni daya pangaribawa sajrone urip ing saben dinane. Salah sawijine cara kang ditindhakake yaiku percaya marang kekuwatan ghaib kang ana sawijine panggonan tartamtu. Masyarakat akeh kang isih percaya marang anane donya ghoib, percaya marang salah swijine

panggonan utawa barang kang dianggep keramat utawa nduweni kakuwatan.

Masyarakat Jawa pancen raket lan kenthel karo budaya wetanan. Budaya wetanan kang isih percaya karo ndonya ghaib, kesakralan, samubarang kaya dene pusaka lan panggonan kang isih dianggep kramat mula isih diugemi dening bebrayan payengkuyunge. Semana uga bebrayan Dhusun Srigading Desa Bolorejo Kecamatan Kauman Kabupaten Tulungagung kang isih ngugemi lan nduweni kapercayan marang sawijine panggonan yaiku pasarean Syekh Basarudin kang dikramatake. Jinise masyarakat kang ditemokake panliti gegayutan karo crita legendha pasarean Syekh Basarudin kaya dene : 1) masyarakat kang percaya, 2) masyarakat kang ora percaya, lan 3) masyarakat kang ora nggatekake.

#### **Eksistensi Legendha Pasarean Syekh Basarudin Gegayutan Karo Kahanan Masyarakat Dhusun Srigading Desa Bolorejo Kecamatan Kauman Kabupaten Tulungagung.**

Sejatine legendha Syekh Basarudin ora bisa dipisahake karo masyarakat, mligine masyarakat dhusun Srigading desa Bolorejo. Masyarakat Bolorejo kang uripe wis mapan ana ing desa uga isih ngugemi kapercayanne para leluhur jalaran wis dadi tradhisi masyarakat Bolorejo, senajan wis akeh owah-owahan saben jaman. Agama kang dianut ora ndadekake salah sawijine sebab kanggo nyingkrihi lan mbuwang adat utawa tradhisi kang wis dadi kapercayan. Kahanan kuwi bisa kabukten saka tumindak masyarakat kang isih kerep ngleksanakake tradhisi kaya dene slametan kang nduweni tujuwan supaya diwenahi berkah utawa keslametan anggone urip ing donya.

Masyarakat Bolorejo nganggep yen Syekh Basarudin minangka pepundhene desa Bolorejo. Saliyane kuwi Syekh Basarudin minangka guru Bupati kang pertama, kapindho lan katelu. Mula saka kuwi Syekh Basarudin tetep eksis nganti saiki, jalaran panggonan kuwi wis dadi kapercayan masyarakat kang dianggep bener-bener ana lan kedadeyan ana ing donya. Samubarang-samubarang apa wae kang gegayutan karo panggonan kuwi mesthi dilaksanakake nganti saiki.

#### **PANUTUP**

Panutup iki ngandharake asile panliten awujud dudutan. Saliyane dudutan asile panliten uga menehi pramayoga tumrap para pamaos supaya didadekake patuladhan ing urip bebrayan. Asile dudutan kaya ing ngisor iki.

#### **Dudutan**

Legendha pasarean Syekh Basarudin minangka folklor lesan kang tuwuh ing Dhusun Bolorejo Desa Bolorejo Kecamatan Kauman Kabupaten Tulungagung.

Legendha kang dipercaya lan diugemi banget karo para masyarakat Desa Bolorejo kuwi wujud legendhane yaiku nyaritakake ngenani lumakune Syekh Basarudin wiwit cilikane kang asale saka Ponorogo lan pindhah menyang Tulungagung. Syekh Basarudin cilikane manggon ing Ponorogo lan dheweke mondhoek ing salah siji pondhok pesantren ing Ponorogo. Dirasa wis cukup anggane merguru kuwi mau akhire Syekh Basarudin diwenahi gaman kang sekti karo gurune kanggo sangu menyang Tulungagung nyusul Bapa lan Ibune kang wis luwih dhisik manggon ing Tulungagung. Sajrone lumakune Syekh Basarudin menyang Tulungagung ana wae alangan kang nguji dheweke mulai teka pawongan kang nduweni niatan ngrampok nganti ditantange adu ilmu kanuragan. Nanging Syekh Basarudin bisa nglewati kabeh kuwi mau kanthi lancar. Sawise teka ing Tulungagung Syekh Basarudin uga melu ngewangi perang Diponegoro kang dipimpin langsung karo Pangeran Diponegara nganti bisa ngusir mundhur para penjajah yaiku bangsa Walanda. Syekh Basarudin uga dadi pawongan kang nduweni peran penting anggane agama kang diyakini dening para warga Desa Bolorejo amarga Syekh Basarudin yaiku Syekh kang nyebarake agama Islam pertama ing Desa Bolorejo lan kasil anggane ngeyakinake para warga Desa Bolorejo. Saliyane kuwi Syekh Basarudin uga dadi gurune para pemimpin-pemimpin Kutha Tulungagung kang kapisan, kapindho lan katelu. Babagan makna Legendha Pasarean Syekh Basarudin nduweni makna kang kinandhut yaiku piranti lan paninggalan-paninggalan kang isih ana gegayutane karo legendha kasebut. Paninggalan-paninggalan yaiku kaya kang awujud makam, mushola, omah, keris lan, tombak.

Saliyane ngenai wujud legendha lan makna simbol sajrone legendha uga ana ngenani bab nilai budaya. Nilai-nilai budaya kang kinandhut sajrone legendha pasarean Syekh Basarudin antarane yaiku nilai dhidhaktis, nilai etik lan nilai religius. Saliyane kuwi uga ana fungsi legendha yaiku mbiyantu sarana panggulawentah marang wong enom, kanggo sarana kritik sosial, kanggo sarana panglipur masyarakat, kanggo sarana ngupadi katrenteman batin, kanggo sarana ndedonga lan ngibadah, kanggo sarana nguri-uri kabudayan.

Kang pungkasan yaiku ngenani kalungguhane legendha kasebut sajrone masyarakat Desa Bolorejo kang bisa diperang dadi telung jinis masyarakat yaiku masyarakat kang percaya, masyarakat kang ora percaya lan, masyarakat kang ora nggatekake.

#### **Pamrayoga**

Panliten iki nduweni pangarep-arep muga bisa menehi paedah marang wong kang durung mangerteni ngenani Legendha Pasarean Syekh Basarudin. Saliyane iku muga ana panliten kang saemper kaya panaliten iki kanggo

njaga kahanan kabudayan dhaerah supaya tetep ngrembaka lan lestari. Kabudayan bakal ilang nalika manungsa wis ora percaya lan ora gelem nguri-uri kabudayan. Mligine kabudayan dhaerah kang awujud folklor lesan. Folklor lesan ana lan ngrembaka amarga diwarisake kanthi cara turun-temurun lan gethok tular.

#### **KAPUSTAKAN**

- Ahmadi, H. Abu. 1986. *Ilmu Sosial Dasar*. Jakarta: Rineka Cipta
- Arikunta, Suharsimi. 2010. *Prosedur penelitian Suatu Pendekatan Praktik*. Jakarta: Rineka Cipta.
- Bakker, JWM. 1984. *Filsafat Kebudayaan, Sebuah Pengantar*. Yogyakarta: Penerbit Kanisius
- Danandjaja, James. 1984. *Folklor Indonesia Ilmu Gosip Dongeng dan lain-lain*. Jakarta: Pustaka Grafiti.
- Djamaris, Edward. 1993. *Nilai Budaya dalam Beberapa Karya Sastra Daerah di Sumatra*. Jakarta: Pusat Pembinaan dan Pengembangan Bahasa.
- Endraswara, Suwardi. 2006. *Metodologi Penelitian Kebudayaan*. Yogyakarta: UGM Press.
- Geertz, Clifford. 1989. *Abangan, Santri, Priyayi dalam Masyarakat Jawa*. Jakarta: Pustaka Jaya.
- Hutomo, Suripan. 1991. *Mutiara Yang Terlupakan*. Surabaya: HISKI.
- Koentjaraningrat. 1984. *Kebudayaan Jawa*. Jakarta: Balai Pustaka.
- , 1987. *Kebudayaan Melintas dan Pembangunan*. Jakarta: Gramedia.
- , 2009. *Pengantar Ilmu Antropologi*. Jakarta: Rineka Cipta.
- Kuntowijoyo. 1987. *Budaya Dan Masyarakat*. Yogyakarta: PT. Tiara Wacana
- Latini, Endah Susi, dkk. 1996. *Refleksi Nilai-nilai Budaya Jawa Dalam Serat Suryaraja*. Jakarta: CV Putra Sejati Raya.
- Moleong, Lexy. 2001. *Metodologi Penelitian Kualitatif*. Bandung: PT. Remaja Rosakarya.
- Perwadarminto. 1976. *Kamus Besar Bahasa Indonesia*. Jakarta: Balai Pustaka.
- Rendra. 1984. *Mempertimbangkan Tradisi*. Jakarta: Gramedia.
- Sudikan, Setya Yuwana. 2001. *Metode Penelitian Kebudayaan*. Surabaya: UNESA Unipress.

- Sudaryanto (Ed). 2011. *Kamus Pepak Basa Jawa*.  
Yogyakarta: Badan Pekerja Kongres Bahasa  
Jawa.
- Sukarman. 2006. *Pengantar Kebudayaan Jawa*. Surabaya:  
Unesa Unipress.
- Sugiyono. 2008. *Metode Penelitian Kuantitatif &  
Kualitatif R & D*. Bandung:  
Alfabeta.
- , 2009. *Memahami Penelitian Kualitatif*.  
Bandung: Alfabeta.
- Sulaiman, Munandar. 2005. *Ilmu Budaya Dasar*. Bandung:  
PT. Refika Aditama.
- Suwandi, Sarwidji. 2006. *Semantik Kajian Makna*.  
Yogyakarta: KLEIN Press.
- TimISBD UNESA. 2008. *Ilmu Sosial Budaya Dasar*.  
Surabaya: unesa University Press.

